

# Ranplasman Pon Basiliere



## Kisa ki Pwojè pou Ranplasman Pon Basiliere a?

Pon Sòlda Premye Klas (PFC) Ralph T. Basiliere a janbe Rivyè Merrimack la nan mitan Haverhill. Kòm pon an te bati an 1925, li prèske rive nan santèm anivèsè li. Depi 1972, yo ba li non PHC Ralph T. Basiliere, ki te premye moun Haverhill ki te mouri kòm veteran Lagè Vyetnam. Menm si li toujou san danje, pon Basiliere rive nan bout tan li kapab kontiye sèvi a, kidonk li bezwen ranplase. An 2002, MassDOT lanse yon inisyativ pou bati yon nouvo pon - katriyèm pon ki janbe Merrimack nan kote sa a.

## Yon Nouvo Pon

Travay sou modèl nouvo Pon Basiliere a ap antre kounye a nan nivo 25%. Dapre konsepsyon ranplasman an, yo pral:

- Bati nouvo pon an nan de (2) etap pou pèmèt transpò pou janbe rivyè a kontinye, pandan travay konstriksyon yo
- Sèvi pou bezwen sikilasyon kounye a, ak pi ta
- Amelyore kondisyon pou sikilasyon bisiklèt ak pyeton sou pon an
- Amelyore kalite dlo nan rivyè a nan Merrimack
- Pèmèt sikilasyon bato kontinye sou Merrimack
- Redwi enpak sou pwopriyete ki toupre yo



*Nan limit travay nou yo, genyen pon an li menm, ansanm ak 2 entèseksyon ki toupre li yo.*


## Yon Referans Lokal

Pon Basiliere a se yon senbòl nan Haverhill. Pòtre li parèt sou pwòp sit entènèt Vil la, ak sou inifòm Sèvis Ponpye lokal la. MassDOT byen konnen Vil la ak rezidan li yo pral mete anpil enpòtans sou sa pon an sanble.

## Modèl sa a Devlope avèk Anpil Kontak nan Piblik la

Depi mwa mas 2023, MassDOT ap travay avèk kominote a pou bati yon plan pou nouvo pon an. Pwosesis la genyen

ladan sis (6) rankont piblik an pèsonn oubyen dijital pou bay sijesyon. Modèl la soti nan lide kominote a bay nan plizyè



*Konsepsyon yo Chwazi a*

# Ranplasman Pon Basiliere

jan, tankou:

- Fòm avèk ak, ki fè sonje pon ki la kounye a
- Kat bann pou trafik, avèk de (2) nan chak direksyon
- Estasyon obsèvatwa pou rete, ak repoze, ak pran plezi gade Rivyè Merrimack la
- Chimen komen sou toude kote pon an, pou bisiklèt ak pyeton
- Kolòn vètikal anlè tabliye pon an, pou fè estrikti a pi vizib


## Soti nan Konsepsyon an pou Rive nan yon Modèl

Kounye a, konsepsyon yo chwazi a pral tounen yon modèl. MassDOT pral gen plis konnesans sou jan pou li bati nouvo pon an, lè nou rive nan fen sezon ivè 2024 la. Kantite tan konstriksyon an pral dire, se yon konsiderasyon ki pral enpòtan nan travay sa a. Ekip la pral jwenn yon jan pou bati nouvo pon an yon jan pou aktivite Haverhill yo ka kontinye. Kominote Haverhill la toujou rete yon patnè nan inisyativ sa a. N ap envite tout moun ki enterese yo pou yo patisipe. Ekip pwojè a ap mande pou moun voye lide ba li sou:

- Ki kalite limyè, travès, ak kote pou moun chita, nouvo pon an dwe genyen?
- Ki kolòn vètikal ki parèt pi bèl?
- Kouman nou ta kapab komemore pon ki la kounye a?

Nou mèt gade nan prezantasyon 15 novanm lan pou wè kèk egzanp limyè, travès, ak kote pou moun chita:  
<https://www.mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill>

## Kalandriye Nou



## Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou mèt ale nan adrès entènèt pi ba la a pou jwenn plis detay, oswa pou siyen pou resevwa nouvo enfòmasyon ak avètisman nan kourye elektwonik, ak pou gade dènye resous ki genyen sou Pwojè pou Ranplasman Pon Basiliere a

Adrès entènèt Pwojè a: [mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill](https://mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill)

Adrès elektwonik Pwojè a: [haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us](mailto:haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us)

